

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1. Kacindekan

Ajén atikan nya éta hal-hal nu hadé tur gedé mangpaatna pikeun manusa sangkan bisa ngadéwasakeun dirina, pikeun ningkatkeun kasampurnaan hirup anu saluyu jeung alam sarta masarakatna.

Téma anu kapanggih dina *Naskah Wawacan Tata Cara Ngurus Orok* téh aya dua rupa nya éta moral jeung sosial. Téma sosial anu ngébréhkeun ngeunaan pasualan-pasualan hirup, saperti salaki nyandung bari jeung leuwih nyaah ka nu ngora batan ka nu kolot, lantaran timburu tur goréng pikir nu kolot téh nepi ka nyiksa nu ngora hayang tepi ka paéhna. Tapi kersaning Gusti nu paéh téh kalahka manéhna lantaran ngalajur napsu teuing. Salian ti éta aya deui pasualan-pasualan sosial anu jadi ieu téma wawacan, saperti sukan-sukan, mulang tarima lantaran ngarasa kahutangan geus ditambahan ku cara ngarawatan éta Nini jeung Aki. Sedengkeun téma moral di dieu nyoko kana kalakuan nu kurang hadé (goréng) nu nyababkeun tiwas ku polah sorangan lantaran ngumbar amarah.

Amanat nu ditepikeun ku pangarang nya éta sangkan nu maca dina nyanghareupan hiji pasualan téh kudu sabar ulah ngalajur napsu jeung ngumbar amarah lantaran bisa nyababkeun karugian keur diri urang sorangan saperti nu kaalaman ku Nyi Inti jeung baturna.

Palaku utama dina *Naskah Wawacan Tata Cara Ngurus* dina carita kahiji nya éta Babu Hawa, carita kadua nya éta Nyi Inti, carita katilu nya éta Nabi

Muhammad SAW. Anu jadi palaku tambahann dina carita kahiji Nabi Adam, carita anu kadua Nyi Inta, Ki Basari, Aki Maranak, Nini Maranak, Aki Mongmong, Nini Mongmong, Aki Koronco Kosong, Nini Koronco kosong.

Sanggeus *Naskah Wawacan Tata Cara Ngurus Orok* ditalungtik, kaungkab rupa-rupa ajén atikan, di antarana akuan 2 (1,6%), ati-ati 1 (0,8%), badami 2 (1,6%), bingung 8 (6,2%), bungah 8 (6,2%), dikabul 1 (0,8%), dengki 2 (1,6%), goréng pikir 4 (3,1%), hoyong medal 1 (0,8%), kahoyong 1 (0,8%), kabuktian 1 (0,8%), kabur 1 (0,8%), kaliru ningal 1 (0,8%), kaleungitan 1 (0,8%), kasiéun 1 (0,8%), maéhan 1 (0,8%), mapagkeun 1 (0,8%), mapatahan 4 (3,1%), mantuan 1 (0,8%), mariksa 1 (0,8%), méré pihunjuk 1 (0,8%), mikanyaah 4 (3,1%), mulang tarima 1 (0,8%), nalangsa 1 (0,8%), néang ubar 1 (0,8%), neda pihunjuk 1 (0,8%), neda pitulung 4 (3,1%), ngabeberik 1 (0,8%), ngadu'a 2 (1,6%), ngajaga 2 (1,6%), ngajorag 1 (0,8%), ngakalan 3 (2,3%), ngandelkeun 1 (0,8%), ngahina 1 (0,8%), ngaheureuyan 2 (1,6%), ngalawan 1 (0,8%), ngalajur napsu 8 (6,2%), ngarawatan 1 (0,8%), ngarojong 1 (0,8%), ngariung 1 (0,8%), ngasuh budak 1 (0,8%), nitah 4 (3,1%), ngubaran 1 (0,8%), ngumbar amarah 3 (2,3%), ngurus 1 (0,8%), ngupahan 1 (0,8%), noong 2 (1,6%), nyaba 1 (0,8%), nyandung 1 (0,8%), nyayogikeun 1 (0,8%), nyiar batur 2 (1,6%), nyiksa budak 1 (0,8%), nyiksa maru 2 (1,6%), nyuguhan 2 (1,6%), nyuhunkeun 1 (0,8%), nyusulan 1 (0,8%), pasrah 5 (3,9%), prihatin 1 (0,8%), rancingas 1 (0,8%), reuwas 1 (0,8%), satia 1 (0,8%), sieun 1 (0,8%), tawekal 1 (0,8%), tawuh sukur (0,8%), teu sopan 1 (0,8%), timburuan 1 (0,8%), tuhu 8 (6,2%).

Dumasar kana sipatna ajén atikan kabagi dua nya éta nu sipatna vertikal jeung horizontal. Ajén atikan nu sipatna vertikal aya 6 (4,7%). Sedengkeun ajén atikan nu sipatna horizontal aya 123 (95,3%). Katitén yén indikator ajén atikan nu sipatna horizontal leuwih loba batan indikator nu sipatna vertikal.

Ditilik tina cara pangarang nepikeun éta indikator, ajén atikan téh aya nu diungkapkeun sacara implisit jeung éksplisit. Indikator ajén atikan anu diungkapkeun sacara implisit aya 82 (63,6%). Sedengkeun ajén atikan nu diungkapkeun sacara éksplisit aya 47 (36,4%). Tina hasil panalungtikan *Naskah Wawacan Tata Cara Ngurus Orok*, katitén yén diungkapkeun sacara implisit leuwih loba batan nu diungkapkeun sacara éksplisit.

Dina 277 pada, ngan aya 129 (46,6%) indikator ajén atikan nu kaungkab dina *Naskah Wawacan Tata Cara Ngurus Orok*.

5.2. Saran-saran

Sanggeus nalungtik ngeunaan ajén atikan dumasar kana téma, amanat, jeung palaku/watek dina *Naskah Wawacan Tata Cara Ngurus Orok*, aya sababaraha hal anu perlu ditepikeun minangka saran.

1. *Naskah Wawacan Tata Cara Ngurus Orok*, ditilik tina segi eusina loba pisan ajén atikanana. Nu maca bisa nyokot hikmah tina éta wawacan, pikeun pieunteungeun dina milampah hirup sapopoé. Supaya urang ulah kawas tokoh dina carita kadua dina éta wawacan, yén akibatna tina goréng pikir, dengki, jeung ngalajur napsu téh bisa tiwas ku pamolah sorangan. Ku kituna urang kudu sabisa-bisa nyingkahkeun watek nu goréng.

2. *Naskah Wawacan Tata Cara Ngurus Orok*, di jerona euyeub ku ku ajén moral jeung ajén sosial. Anu maca ogé bisa nyokot hikmahna tina kajadian-kajadian nu kaalaman ku tokoh, yén jalma téh teu bisa hirup nyorangan tur kalakuan nu hadé bakal dibalés ku kahadéan, sabalikna lamun lampah nu goréngna bakal dibales ku kagoréngan deui. Cindekna ieu wawacan euyeub ku ajén-ajén nu bisa dijadikeun picontoeun.
3. Dina ieu panalungtikan masih kénéh loba kakurangan. Ku kituna bakal leuwih hadé, lamun aya panalungtik séjénna ngeunaan ajén nu lian, anu leuwih ti ieu panalungtikan. Ku kituna dipiharep ieu panalungtikan bisa jadi motipasi pikeun panalungtik séjénna ngeuyeuban kakurangan tina ieu panalungtikan.

